

# KALANDRIYE Aktivite

MPO	BPAC	BCCB	CIR	TCC
<b>Septanm</b>				
Jedi 11 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 10 a 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 15 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 9 a 6:00 diswa Sal 302 ak 302A	Lendi 22 a 2:00 apremidi Sal 302
<b>Oktòb</b>				
Jedi 16 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 8 a 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 7 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 27 a 2:00 apremidi Sal 302
<b>Novanm</b>				
Jedi 20 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 12 a 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 17 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 5 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 24 a 2:00 apremidi Sal 302
<b>Desanm</b>				
Jedi 11 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 10 a 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 2 a 6:00 diswa Sal 430	Pa gen reyinyon

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès sa a: **Governmental Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, epi piblik la envite nan tout reyinyon yo.**

PRSRRT STD  
US POSTAGE  
PAID  
FT. LAUDERDALE, FL  
PERMIT #5450

### Kisa Akwonim ann Angle yo vle di

AADT Annual Average Daily Traffic Counts	FDOT Florida Department of Transportation
APTA American Public Transit Association	FHWA Federal Highway Administration
BCCB Broward County Coordinating Board	FS Florida Statute
BCT Broward County Transit	FTA Federal Transit Administration
BPAC Bicycle Pedestrian Advisory Committee	FY Fiscal Year
CAAA Clean Air Act Amendment	GIS Geographic Information System
CBD Central Business District	L RTP Long Range Transportation Plan
CMA Congestion Management	MPO Metropolitan Planning Organization
CIR Community Involvement Roundtable	SAFETEA-LU
DCA Department of Community Affairs	Safe, Accountable, Flexible, Efficient, Transportation Equity Act - A Legacy for Users
DRI Development of Regional Impact Statement	SEFTC Southeast Florida Transportation Council
EIS Environmental Impact Statement	SFRTA South Florida Regional Transportation Authority
EPA Environmental Protection Agency	SIS Strategic Intermodal System
FAA Federal Aviation Authority	TCC Technical Coordinating Committee
FAC Florida Administrative Code	TIP Transportation Improvement Program
FCTD Florida Commission Transportation Disadvantaged	UPRD Urban Planning and Redevelopment Department

Pou plis enfòmasyon, gade nan:

[www.broward.org/mpo](http://www.broward.org/mpo)

Pou mande enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite pou Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Patipasyon nan Kominote a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan fòm an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray.

Pou pibliye dokiman sa a, sa te koute \$1,400, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram MPO Broward County yo.

Broward Metropolitan Planning Organization  
115 S. Andrews Avenue, Room 329H  
Fort Lauderdale, FL 33301

BROWARD METROPOLITAN  
PLANNING ORGANIZATION

BROWARD METROPOLITAN  
MPO  
PLANNING ORGANIZATION

CHINEN DEKOUPÉ

VOLIM 10, NIMEWO. 16

Dezyèm Trimès 2008

## MPO BROWARD COUNTY A PATISPE NAN JOUNEN NASYONAL


### "DUMP THE PUMP" LAN [JETE PONP LAN]



Nan foto pi wo la a, (koumanse agòch pou ale adwat): Komisè Steve Gnot, pou Deerfield Beach; Komisè Allegra Murphy, pou Oakland Park; ak Komisè Ted Mena, pou Coral Springs. Yo tout manm nan MPO Broward la.

Jedi 19 jen 2008, MPO Broward la, ak plizyè lòt òganizasyon ki entere nan zafè anviwonman, te patisipe nan twazyèm jounen anyèl "Dump the Pump" lan [Jete Ponp lan]. Te gen anplwaye MPO Broward la nan estasyon pou bay enfòmasyon; yo te pale ak moun nan rejyon an ki konn sèvi ak transpò, epi k ap fè sa yo kapab pou diminye gaz ki bay polisyon, pou ekonomize lajan, ak pou ekonomize gazolin lè yo pran transpò piblik, oswa yo ale travay nan menm oto, oubyen nan menm kamyonèt.

Gen òganizasyon tankou Broward MPO, Broward County Transit, Miami-Dade Transit, Palm Tran, South Florida Commuter Services, ak Tri-Rail, ki gen sipò Depatman Transpò Florid la, k ap mete tèt ansanm avèk lòt sistèm transpò piblik nan peyi a pou espliche moun pou kisa yo dwe kite abitud yo pou yon sèl jounen, epi chanje mwayen transpò yo sèvi pou ale nan travay ak tounen lakay yo.



Enrique Zelaya, ki se direktè Seksyon Planifikasyon nan MPO Broward la, ap eseye Google Transit, ki se yon zouti planifikasyon sou entènèt pou transpò piblik.

Yo te fè pwomosyon tou pou pwogram rejyonal tankou Broward County's Google Transit Trip Planner, ak sèvis vwayajè 511 lan. Google Transit se yon fonksyon nan aplikasyon Google Maps, ki pèmèt fè planifikasyon pou transpò piblik, anplis enfòmasyon nòmal li konn bay pou moun k ap kondui oto yo.

Aplikasyon an montre kote estasyon otobis yo ye, distans pou moun mache pou ale ak tounen nan

estasyon yo, epi li gen plizyè lòt zouti ki bay moun k ap sèvi ak transpò yo anpil opsyon



Nouvo otobis dizèl Broward County Transit yo pral kapab pran jiska 38 pasaje, epi yo pral genyen ladan yo sistèm modèn, ki pwoteje anviwonman.

([www.google.com/transit](http://www.google.com/transit)).

Pou montre jan li entere nan pwoteksyon anviwonman, Broward County Transit ap koumanse sèvi avèk otobis ibrid ki pa lage polisyon nan

lè a, depi sezon otòn k ap vini an. Se North American Bus Industries (NABI) ki fè otobis sa yo, ki gen 40 pye longè, epi ki pral genyen plizyè sistèm modèn abò yo, tankou yon bwat pou resevwa lajan pi modèn, planche an vinil, yon nouvo sistèm siveyans, epi "Siyal pou Mande Rete" ki montre dat, lè, ak kote pou otobis la rete pou moun ki pa wè oubyen ki pa tande byen. Motè otobis yo pral mache sou kouran elektrik, sa ki pral pèmèt fè ekonomi kabiran, eliminen lafimen ki soti nan moflè yo, diminye bwi otobis yo fè, epi pèmèt yo mache pi dous.

Pou plis enfòmasyon pou pran desizyon entelijan nan zafè transpò w, kontakte South Florida Commuter Services nan nimewo 1-(800) 234-ride, oubyen gade nan adrès entènèt [www.1800234ride.com](http://www.1800234ride.com).

### Nan Nimewo Sa a.

- WorldFest 2008 / Echanj Lide nan Sid Florid pou 2008
- Mesaj Chèmann lan
- Reyinyon Rejyonal Komite Konseye pou Rezidan (CAC) 2008 nan Metropolitan Planning Organization
- Plan Transpò pou Kouvri Anpil Tan, Broward 2035: Kole Moso yo Ansanm
- Vizit pou Fè Kontak nan Lekòl MPO Broward an 2008 la bay bèl kalite rezilta!
- Broward Beautiful Koumanse Bati Twazyèm Pwojè pou Plante Pyeba nan Gateways la

NEWSLETTER OF THE BROWARD MPO

## “METE L NAN LARI A”

WorldFest 2008

Vil Coral Springs la te fete dezyèm lane WorldFest la samdi 5 avril nan Coral Springs Center for the Arts.

Festival la prezante yon seri divètisman espektakilè, epi te gen anpil manje ak kilti; sa te fè moun konnen kominote Coral Springs reprezante yo.

Estasyon enfòmasyon mobil MPO Broward la te kanpe nan papòt kote a, pou tout moun te kapab wè l. Gen 118 vizitè ki te rete pale, pou yo reponn yon kesyonè ak pran kèk enfòmasyon enpòtan sou MPO Broward la. Prèske mwaye nan moun ki te pale avèk nou yo di yo ta renmen plis enfòmasyon sou transpò piblik, ak sou anbouteyaj nan kote yo rete a.

### Echanj Lide nan Sid Florid pou 2008

Nan dat 10 me a, VisionBroward te òganize 5yèm Echanj Lide nan Sid Florid la nan site inivèsité Davie nan Broward Community College (ki rele kounye a Broward College). Yo te fonde VisionBroward an 2004 pou ede ankouraje devlopman ekonomik ak ouvri travay, ak pou amelyore kalite lavi moun anjeneral nan Broward County.

MPO Broward la te mete pwofesyonèl nan yon estasyon enfòmasyon pou reponn kesyon ak pou bay enfòmasyon enpòtan. Yo te remèt moun yo pape enfòmasyon, Gid pou Rezidan, kat pou chimen bisiklèt, ak CHIMEN DEKOUPE [SHORTCUTS], ki se bilten nouvel MPO Broward ki parèt chak trimès la. BCT te mete kesyonè deyò, pou remèt bay vizitè ki te vle di sa ki nan lide yo.

## MESAJ CHÈMANN LAN



Daniel J. Stermer,  
Prezidan MPO,  
Komisè Vil  
Weston lan

Avèk chanjman ki fenk rive nan ekonomi a, tankou pri gazolin ki monte ansanm ak pri pou transpòte machandiz yo, MPO Broward la ap kontinye ankouraje tout moun nan kominote a pou yo gade altènativ ki pèmèt moun pa deplase poukont yo nan yon oto. MPO Broward la ankouraje moun nan kominote a sèvi avèk mwayen transpò ki nesèsè yo, an menm tan y ap fè konsiderasyon enpòtan tankou kalite lè a, mwayen transpò ki pa lage poliyon nan lè a, deplase nan oto ki gen plizyè moun ansanm, epi kabiran altènativ, ansanm ak lòt solisyon ankò.

MPO Broward la ap kontinye jwe yon wòl kritik nan kesyon sou transpò k ap pale nan kominote nou yo.

Bilten sa a montre kèk nan pwen prensipal yo, ansanm ak patisipasyon nan aktivite tankou "Dump the Pump Day" [Jounen Jete Ponp lan] ak "Clean Air Month" [Mwa pou Lè a Pwòp]. Chak egzant bilten sa a bay montre kouman MPO

Broward la te ede Sid Florid la mache nan direksyon yon anviwonman ki pi "pwòp", pa sèlman nan County nou an, men nan tout rejyon an, ak nan tout Eta a.

Moun nan kominote ak òganizasyon nan tout zòn lan ap fè tout sa yo kapab pou diminye poliyon, pou konsève planèt la. Pou nonmen yon egzant, kantite pasaje nan Tri-Rail yo vin 20,8 pousan pi wo nan premye mwaye lane 2008 la sèlman. Epi tou, gen plis moun nan kominote a k ap deside chak jou pou yo ale nan travay ansanm, nan menm oto.

Pou nonmen yon lòt egzant ankò, gen ajans tankou Depatman Transpò nan Florid (FDOT) ki pèmèt aplwaye yo mete fleksibilite nan lè travay yo, pou ekonomize lajan. Koumanse nan dat 29 septanm, Vil Margate la pral konvèti semenn travay li an 4 jou, ak 10 èdtan travay chak jou, sa ki pral pèmèt ekonomize anviwon 20 pousan nan depans ki soti nan limyè, lè kondisyon, ak gazolin.

Sèvi avèk transpò piblik, se youn nan bagay plizyè milyon moun ap fè, oubyen yo kapab fè regilyèman pou ede amelyore anviwonman an. Menm si se youn sèl fwa yo fete Mwa pou Lè a Pwòp chak ane, kominote nan Sid Florid yo kontinye konsantre sou jan nou chak kapab fè yon diferans, epi jan nou tout kapab fè yon diferans ansanm.

## REYINYON REJYONAL KOMITE KONSEYE POU REZIDAN (CAC) 2008 NAN METROPOLIAN PLANNING ORGANIZATIONS (MPO)

Chak ane, MPO nan Broward, Palm Beach, ak Miami-Dade yo mache kontre pou pèmèt manm nan chak komite konsèye yo jwenn yon chans wè youn ak lòt, epi pale sou pwojè transpò ki deja la ak sa ki pral fèt, epi ki gen yon enpak nan zòn lan.

Reyinyon Rejyonal CAC 2008 la te fèt mèkredi 11 jen 2008 nan biwo administratif Ajans Transpò Rejyonal pou Sid Florid (SFRTA) nan Pompano Beach la. Gwoup oratè nan reyinyon an te genyen ladan l reprezantan tout 3 òganizasyon nan zòn "Tri-County" a, kidonk reprezantan Tab Wonn pou Patipasyon nan Kominote (CIR) Broward la, Komite Konsèye pou Transpò Rezidan Miami Dade yo (CTAC), ak CAC Palm Beach la.

Judy Daversa, ki manm nan CAC Palm Beach la, te prezide reyinyon an. Yon lòt moun ki te nan gwoup oratè yo, se John Rude, Chèmann CIR pou MPO Broward la. Oditwa a te genyen anviwon 20 moun, ansanm ak kliyan plizyè ajans transpò.

Reyinyon an te koumanse ak yon ti diskou ouvèti Joe Giulletti, ki se direktè egzekitif SFRTA.

Aprè sa, yo te bay manm komite a ak moun nan oditwa a yon chans pou di sa yo bezwen, ak pou mande kesyon sou pwojè yo, sou plan yo, ak sou lòt kesyon ki enpòtan pou kominote yo. Nan pami sijè prensipal yo te pale yo, te genyen:

- Etid sou Koridò Transpò sou Kòt Ès Sid Florid la
- Dènye Enfòmasyon sou Komisyon pou Transpò nan Sidès Florid la (SEFTC)
- Dènye Enfòmasyon sou Plan Transpò pou Kouvri Anpil Tan an (LRTP)
- Dènye Enfòmasyon sou Finansman SFRTA



Reprezantan CIR Broward la, ak CTAC Miami-Dade la, ak CAC Palm Beach la te sèvi kòm gwoup oratè pou reyinyon 2008 la.

## PLAN TRANSPÒ POU KOUVRI ANPIL TAN, BROWARD 2035: KOLE MOSO YO ANSANM



Atelye sou LRTP 2035 yo te òganize nan South Regional Library nan Pembroke Pines lan, nan 29 jiyè 2008

Kounye a, MPO Broward la ap pran dispozisyon pou pase men sou Plan Transpò pou Kouvri Anpil Tan (LRTP) 2030 lan. Nouvo LRTP 2035 lan pral gide investisman nan transpò nan zòn Broward County a pandan 25 an ki pral vini yo, avèk kòm objektif pou reyalize pi bon koneksyon ki posib pou deplasman nan rezo transpò nou an.

Nouvo plan 2035 lan pral fèt avèk plizyè kalite mòd transpò, epi li pral konsantre sou amelyorasyon transpò, ansanm ak wout pou

bisiklèt ak pou pyeton. Yo fè yon pase men nan LRTP a chak 5 an, pou satisfè règleman federal yo, ak pou gide depans pou lajan transpò yo. Yo prevwa LRTP a pral adopte an desanm 2009. Nan pami nouvo eleman nan plan an, genyen yon pwogram patisipasyon piblik entansif ki pral pèmèt nouvo pwojè nan plan an tonbe dakò ak lide moun nan kominote a.

Pwogram patisipasyon piblik la genyen ladan 20 reyinyon piblik ak atelye ki òganize plizyè kote nan Broward County. Gen 5 atelye yo te òganize pandan 2 dènye semenn jiyè 2008 yo, ak 5 reyinyon piblik ki pral fèt nan sezon otòn 2008 la, epi 5 lòt atelye ak 5 reyinyon piblik ki pral fèt lè sezon prentan 2009 la pral rive, anvan yo ratifye LRTP a.

Pou plis enfòmasyon sou dènye chanjman ki fèt nan LRTP a, ak pou mande patisipe nan aktivite sa yo, ou mèt ale nan adrès entènèt [www.broward2035lrtp.com](http://www.broward2035lrtp.com).

## VIZIT POU FÈ KONTAK NAN LEKÒL MPO BROWARD AN 2008 LA BAY BÈL KALITE REZILTA!

MPO Broward la kontinye sipòte pwogram pou mache fè kontak ak elèv la; pou fè sa, li òganize 6 prezantasyon nan lekòl pou lane akademik 2007-2008 la. Vizit pou fè kontak nan Lekòl MPO Broward la te koumanse nan dat 8 avril nan Stirling Elementary School nan Vil Hollywood.

Nan prezantasyon 30 minit la, te genyen yon leson entèaktif ki te bay anpil amizman, lè yo te sèvi avèk yon gwo otomobil jwèt ki te rele Buddy, pou esplike

elèv yo planifikasyon pou transpò. Klas ane sa a te prensipalman pou elèv 4yèm.

Elèv yo te bay anpil esplikasyon sou amelyorasyon yo ta vle wè nan katye yo, ak nan zòn lekòl yo. Vizit pou fè kontak nan Lekòl MPO Broward la te fèt nan lekòl elemantè sa yo:



**Stirling Elementary**  
**Nob Hill Elementary**  
**Royal Palm Elementary**  
**Park Lakes Elementary**  
**Northside Elementary**  
**Oriole Elementary**

## “METE L NAN LARI A”



Nan foto pi wo la a, soti agòch pou ale adwat: Marsha Levy, ki se manm nan Konsèy Konsiltatif pou Broward Beautiful la, ak prezidan Soukomite Greening Gateways la; Komisè Ken Keechl, ki manm nan Komite Komisè Broward County a, ak manm nan MPO Broward la; Komisè Larry Gierer, City of Oakland Park; Cleo Marsh, PE., enjennye mentnans nan FDOT District 4.

### Broward Beautiful Koumanse Bati Twazyèm Pwojè pou Plante Pyeba nan Gateways la

Otorite ofisyèl nan Eta a ak nan Broward County, ansanm ak reprezantan ki soti nan Vil Okland Park, ak nan Vil Wilton Manors, ansanm ak patnè yo, tankou Tree Preservation Trust Fund, te mache kontre nan dat 22 me 2008, pou koumanse bati ak pou fete twazyèm pwojè dekorasyon Greening Gateways la.

Greening Gateways se yon inisyativ Broward Beautiful nan Broward County, pou fè patnè yo travay ansanm pou bay Interstate Gateways nan Broward County yon pi bèl figi. Seremoni sa a, se te aboutisman prèske 3 an planifikasyon pou amelyore peyizaj ak anviwonman nan I-95/Oakland Park Boulevard Interchange.

Avèk yon pri total \$1,125,000 pou amelyore peyizaj la, tout patnè Broward Beautiful nan pwojè sa a te mete tèt ansanm pou jwenn lajan avèk plizyè pwogram sibvansyon County a, Eta a, ak gouvènman federal la. Patipasyon MPO Broward la te fèt avèk yon kontribisyon \$500,000 nan pwogram Sibvansyon pou Amelyorasyon Transpò a.

Pwojè a sanse ajoute plis pase 22,000 pyebwa ak plant pou fè youn nan otowout ki gen plis trafik nan Broward yo pi bèl.